## Ndax xam nga?

- **Ku nekk mën nañu la sàkku,** nga nekk doomu amerik, doomi yeneen réew, mag ak ndaw, góor ak jigéen, wala jubluwaayu awra.

- **Ku nekk mën na nekk sàkkukat,** ba ci nit ki nga wóolu.

**Yeneen leeral yu jëm ci firtnaal góor/jigéen ci biir néegu sëy ci www.nyc.gov/endgbv**

## Wut Ndimbal

Sudee danga yaakaar dañu la sàkku yaw wala kenn koo xam, wala leeru la, mën nga sàkku ndimbal.

**Woowal Serwiisu Jàppale ci Telefon 24 waxtu way Loru yi ci NYC (1-866-689-HELP wala 4357), wala Serwiis Jàppale ci Telefon Nasionaal biy Xeex Sàkku nit (1-888-373-7888 / TTY 711 wala nga yónnee sms 233733)** ngir ñu jàppale la ci sutura suko defee nga nekk ci kaaraange.

**Sudee danga nekk ci fitna wala nga bëgga yëgle ku ñu sàkku woowal wala nga yónnee sms 911.**

## Ndimbal lu jàppandi, 24h/24 7j/7

- **Woowal Serwiisu Jàppale ci Telefon 24 waxtu way Loru yi ci NYC (1-866-689-HELP wala 4357), wala Serwiis Jàppale ci Telefon Nasionaal biy Xeex Sàkku nit (National Human Trafficking Hotline) (1-888-373-7888 / TTY 711 wala nga yónnee sms 233733)** ngir ñu jàppale la ci sutura suko defee nga nekk ci kaaraange.
- **Demal Repertuwaaru Jumtukaayu NYC HOPE ci www.nyc.gov/NYCHOPE** ngir am yeneen leeral ak jumtukaay ci fitnaal jigéen/góor ci biir néegu sëy.
- **Woowal Sàntaru Yoonu Njaboot (Family Justice Center, FJC) ngir jàppale la ci sutura te doo fay.**
  Dina ubbi Altine ba Ajjuma, 9 waxtu ci suba 5 waxtu ci ngoon, FJC dañuy dalal ñépp, amul xàjj ak seet ci at, jubluwaayu awra, li nga don, sa statut imigraasioŋ, li ngay am ci xaalis, wala làkk wi ngay làkk.

**** Woote wala yónnee sms 911 ci lu jamp ****

| | |
|---|---|
| **Bronx FJC** | **(718) 508-1220** |
| **Brooklyn FJC** | **(718) 250-5113** |
| **Manhattan FJC** | **(212) 602-2800** |
| **Queens FJC** | **(718) 575-4545** |
| **Staten Island FJC** | **(718) 697-2800** |

# Xam luy SÀKKU NIT

## Wut Jumtukaay & Leeral

NYC Buro Meer bi ngir Dakkal Fitnaal Góor/ Jigéen ci Biir néegu Sëy

## Lan Mooy Sàkku Nit?

Sàkku nit mooy nga jëfandikoo sa doole wala sa daraja, naxaate, wala noggatu nit ki defloo ko liggéey wala jëf jumu bëggul, lu ci melni jaayloo ko boppam.

Sàkkukat yi dañu sàkkuwaat ngir am ci nit ñi xaalis, di dundu seen kaw, jaare ko ci fitna, jaare ci sàntimaa, ak napp nit ki.

**Sàkku nit yoon dafko ñaawlu.**

## Barab wala këru liggéey yi NYS wax ni dañu fay faral di sàkki nit ñooy:

- Mbay mi
- Liggéeyu jaay sa bopp nekk ci residence wala hotel/auberge
- Tabax
- Liggéeyu kër
- Serwiisi escort
- Salon massage/spa bu amul këyit
- Serwiisu resto wala jaay ñam

Am yeneen leeral ci fitna néegu sëy, boole ci sàkku nit, demal ci **www.nyc.gov/endgbv**

## Ndimbal lu jàppandi, 24 waxtu ci bis 7 fan ci ayu-bis bi

## Ndax yaw, wala kenn koo xam...?

- Danga ameel bor bu rëy sa patroŋ wala ab sàkkukat?
- Dañu la fayul sa barabu liggéey?
- Dañu la forse nga liggéey cib site, tëj ci benn barab, dañu xawa tënk, wala dunduxatal ci sa barabu liggéey?
- Dalay forse wala ñaax la ngay jaay sa bopp ngir diko werse nit ki nga wóolu?
- Sa patroŋ, ki ngay liggéeyal wala proxenete ndax dañu lay topp dila wut?
- Liggéey nit koo xamni moo yor sa xaalis, alal joo am, wala say konti bànk?
- Liggéeyal ni ku yor say këyiti dàntite, lu ci melni kàrt dàntite wala paaspoor?

BRC-010-WL (2/2022)

## Nan ngay dimbalee sa xarit

- Gëmal liñu la wax ba noppi nga xamal leen ni dañu leen tooñ
- Xamal leen seen jàmm yaram rek moola yittéel
- Laaj leen luñu saxla ak noo leen mëna dimbalee
- Déglu leen ba noppi nga nàngul leen seeni dogal doonte àndoo ci
- May leen ñu mëna am ay leeral ak jumtukaay

**Woowal Serwiisu Jàppale ci Telefon 24 waxtu way Loru yi ci NYC (1-866-689-HELP wala 4357), wala Serwiis Jàppale ci Telefon Nasionaal biy Xeex Sàkku nit (1-888-373-7888 / TTY 711 wala nga yónnee sms 233733)** ngir ñu jàppale la ci sutura suko defee nga nekk ci kaaraange.

**Sudee danga nekk ci fitna wala nga bëgga yëgle ku ñu sàkku woowal wala nga yónnee sms 911.**

## Am nga sañ-sañu def sa tànneef ak sa dogali bopp